

Limye Pou Lekòl La

Jiyè/Out 2012

Peche Kenbe Lòt nan Kè

—Herman Krahn

« Kanta pou gwo kè, raj, kòlè, woywoy, denigre moun, ansanm avèk tout kalite malfezans, retire yo tout pami nou » [Bib Kreyòl la] « Piga yo jwenn nan mitan nou moun ki kenbe lòt nan kè yo, moun ki gen san wo, moun ki renmen fè kòlè. Piga yo tandè woywoy ak joure nan mitan nou. Nou pa fèt pou gen okenn lòt kalite mechanste kap fèt nan mitan nou » [Bib la] (Efezyen 4 : 31). Nan vèsè sa a, premye bagay ki di pou nou retire pami nou se « gwo kè » oubyen « kenbe lòt nan kè ». Se yon wont pou kretyen kapab si fasilman koupab nan kenbe lòt nan kè. Lènmi wonte sa a kapab atake fwaye nou, legliz nou, oubyen komès nou.

Si nou pa retire « kenbe lòt nan kè nou », li va devlope raj, kòlè, joure ak denigre moun. Nou dwe retire li, men anvan pou nou kapab retire li, se nesesè pou nou konnen kisa li ye epi admèt li la.

Kenbe lòt nan kè se yon atitud ki andedan nou, ki make pamwayen rankin oubyen jalouzi, cache kont, oubyen menm yon dekourajman lè yon moun fè nou yon bagay ki mal. Sanble li fasil pou wè lè yon moun kenbe lòt nan kè, men se difisil pou wè sa nan nou menm.

Kilpabilite se sa nou santi lè nou peche ; kenbe lòt nan kè se sa nou santi lè lòt moun peche kont nou. Nou kapab gen menm santiman sa a anvè Bondye lè dezi lachè nou pa satisfè.

Tèks anwo a mande pou nou retire li—tout gwo kè, se pa senpleman gwo bagay ki blese nou, men menm ti bagay san enpòtans ki pa vle ale.

Santiman sa yo ki pa krisifye se bagay ki atriste Sentespri a. Nou kapab panse nou gen dwa pou kenbe lòt nan kè, men Bib la pa bay okenn moun dwa sa a. Karese « kenbe lòt nan kè » kapab siyifi rate gras Bondye oubyen vire do bay favè Bondye.

Nou resevwa apèl pou nou dilijan « Veye byen pou


pèsòn pa rate gras Bondye. Veye pou kèk rasin rayisab pa pouse pou vin toumante nou. Paske, l'ap kontamine anpil moun ». [Bib Kreyòl la]

« Kenbe lòt nan kè oubyen gen gwo kè » esplike kòm si li te yon rasin, yon bagay ki cache epi ki pa vizib nan je. Paske je pa kapab wè rasin pye bwa yo pa siyifi yo pa la. Yo la ap bwè nouriti epi yo va vin pouse plant ak pote fwi. Va toujou gen yon relasyon dirèk ant rasin yo ak fwi yo. Solisyon an se fouye epi wete rasin yo.

Èske « kenbe lòt nan kè » kapab lakoz traka epi kontamine anpil moun ? Èske kenbe lòt nan kè kapab travèse yon kongregasyon tankou yon dife sovaj ? Èske li kapab fè dega yon kote moun travay oubyen nan dötwa ? Wi, li kapab.

Si yon moun ap nouriti yon rasin « kenbe lòt nan kè » epi pèmèt li pote fwi epi li kòmanse pataje li avèk lòt moun, li va gen efè sou lòt ak fè yo kenbe lòt moun nan kè tou. Otè Ebre a di : « Veye pou pèsòn pa rate gras Bondye ». Kenbe lòt nan kè kapab lakoz maladi fizik paske se yon atitud ki andedan.

Lemonn ofri de solisyon : Kenbe lòt moun nan kè epi kite li fè ou malad, oubyen mete li deyò epi gaye li toupatou.



Solisyon Bondye se fouye rasin sa a epi dechouke li. Sa pa kapab fèt san yon relasyon entim avèk sous gras la, Seyè Jezi Kris.

Solisyon lemonn pou kenbe lòt nan kè pa yon solisyon kretyen. Kopye lemonn ofri de move chwa : Ou pa dwe kenbe li ; ou pa dwe pataje li. Okontrè, soumèt tout rankin, tout gwo kè, tout kenbe lòt nan kè bay Seyè a pamwayen pisans Li ki disponib lè nou mande nan non Seyè Jezi Kris.

Pwoblèm ki egziste avèk rankin oubyen gwo kè ki pa jwenn solisyon, li vin anpile. Tan an p'ap elimine li. Li vin pi mal ak pi mal amezi anvi lòt moun ap karase li. Finalman rezilta a se va move pratik ki soti dwat nan moun ki mechan an.

Kòman nou kapab konnen si nou kenbe lòt moun nan kè ? Yon règ se : Moun ki kenbe lòt nan kè a sonje tout ti detay, menmsi se detay imajinè oubyen vre. Anpil bon konvèsasyon yo bliye yo, men sa ki te blese li a li sonje chak mo, menm ton vwa a li sonje. Moun ki kenbe lòt nan kè konnen egzaktman sa ki te pase a. Poukisa ? Li repase sa nan tèt li anpil fwa.

Poukisa pwoblèm nan reyèl ? Pou kretyen kapab wete zafè kenbe lòt nan kè a se pou li reyalize peche

kenbe lòt nan kè dwe regle nan pwòp kè li. Tantasyon an se pou gade moun ki ofanse li a konsa, « Gade sa li fè ! » Se sa ki mennen kenbe lòt nan kè a.

Pou mwen wete li, se pou mwen rekonèt li kòm pwoblèm mwen anvan mwen kapab konfese li ak abandone li.

Pou nou pwoteje nou kont peche kenbe moun nan kè, nou bezwen padone anvan menm ofansè a mande nou padon. Konsa ou debarase ou avèk kenbe lòt nan kè a anvan menm li kòmanse.

Lè li kòmanse, sèl fason pou wete li se rele li peche kont Bondye ki sen an, epi konfese li ak abandone li epi apre sa imilye ou pou resevwa padon Seyè a bay yon lespri brize. Peche kenbe moun nan kè se yon gran anpechman pou yon revèy ak lajwa nan esperyans kretyen.

Kretyen rejwi nan vwa konvenkan Sentespri nan fason li gen relasyon avèk atitid enteriyè ak motivasyon kè a.

Atik sa a soti nan *Sword and Trumpet*, February 2012
Itilize avèk pèmisyon

Prepare Devosyon Pou Tout Laj

—James Torkelson

Ou konnen pwoblèm nan. Li Madi swa, epi ou dwe ale lekòl demen maten pou peryòd devosyon an. Pandan w'ap vire plim ou epi w'ap pase paj Bib la, w'ap mande : « Kisa mwen va itilize pou yon devosyon ki va enspire tout etidyan yo ? »

Ou sonje kèk nan timoun ki nan pi wo klas yo se manm legliz. Ou kapab fasilman pale sou anseyman « pa resiste mal ak mal » avèk yo. Men si sijè a twò elve, pi jenn etidyan yo va manke atantif. Timoun nan premye klas yo ta pito istwa nan liv istwa Biblik la. Men si yo twò senp, ou va anbarase pi gran yo. Nan mitan gen ti gason senkyèm ane ki kapab itilize yon leson sou dilijans nan foumi nan liv Pwovèb. Kisa ou dwe pataje ki va kenbe atansyon timoun ki gen sizan ak trèzan? Èske ou kapab kenbe devosyon an sou nivo yo chak, oubyen èske ou va fini tankou yon pwofesè te plenyen, « Sa te sanble tankou dènye devosyon li te genyen nan legliz la » ?

Pou kòmanse, panse davans anvan ou chita Madi

swa. Lè ou rankontre yon panse ki enspire ou nan adorasyon pèsònèl oubyen lè yon verite nan istwa Biblik familye prezante nan yon nouvo fason, pran ti nòt kòm yon panse sèmans pou yon devosyon fiti. Panse davans sou jou espesyal yo k'ap vini nan ane a. Si ou dwe prepare yon devosyon sou sijè Remèsiman pa ekzanp, medite davans sou vèsè a « Nan chak sikonstans di Bondye mèsè », ki gen verite pou tout laj. (Petèt itilize istwa Nwèl oubyen lòt jou konje ki selebre nan peyi Ayiti)

Li yon istwa Biblik se yon bon fason pou bay kichòy pou tout laj. Pi bon toujou, *rakonte* yon istwa Biblik. Yon pwofesè te sonje avèk plezi yon frè ki te vini rakonte istwa nan liv Ezekyel chapit 37 la. Li te konnen istwa a ase byen pou kanpe sou kote platfòm nan epi li te kapab fè « fon zosman yo » vin vivan, konsa kenbe atansyon etidyan yo.

Rakonte yon istwa Biblik se yon bon fason pou anseye yon leson san ou pa di se yon leson ou ap bay.

Si pwofesè a fè ou konnen ti gason yo nan senkyèm ane vrèman bezwen yon leson sou dilijans, itilize istwa Rit ki t'ap ramase grenn dèyè moun ki t'ap ranmase rekòt nan jaden an. Montre dilijans li, men kite etidyan yo fè pwòp aplikasyon yo.

Pa bliye gen istwa Biblik elèv yo pa byen konnen. Malgre istwa Danyèl nan twou lyon an fè yon bon istwa, timoun kapab te tandè li plizyè fwa deja nan ane sa a. Poukisa ou pa pale sou jou 127, 000 moun te mouri (gade 1 Wa 20).

Lè ou devan ap pataje yon devosyon, kisa ou kapab fè pou kenbe atansyon timoun tout laj ?

Fè yo patisipe ladan. Ou kapab mande yo li vèsè. Malgre se pa tout nan trant etidyan ki kapab gade yon vèsè youn apre lòt, ou toujou kapab mande tout yon ranje etidyan oubyen tout ti fi pou gade yon vèsè epi li li ansanm. Eseye li nan estil rakonte yon istwa. Yon ti gason kapab li pawòl Bennadad, epi yon lòt kapab li pawòl wa Izrayèl la, pandan ou bay esplikasyon mo yo.

Poze kesyon. Aji kòm si ou espere yon repons. Se vre, ou kapab bezwen tann enpe pou yon repons oubyen refòme kesyon an, men poze kesyon, anpil kesyon. Poze kesyon kenbe atansyon timoun avèk ou, epi fè yo konnen si yo konprann ou.

Itilize mo ak ilustrasyon timoun yo abitye. Lè Bib la di Bennadad te kouri antre nan chanm andedan an, timoun nan dezyèm ane yo kapab pa gen okenn lide sou sa Bennadad te fè. Men si ou di yo wa a te kouri antre nan yon chanm pou kache, yo va konprann sa ki te rive a.

Itilize yon objè pou anseye yon leson. Genyen, se vre, danje timoun va sonje objè a epi bliye leson an, oubyen twòp objè va anpeche yon lamou pou verite solid Bib la. Yon lòt kote, etidyan ki sonje objè a va kapab panse sou leson an. Leson objè ou pa bezwen kalite ki prepare pou ou rele yon volontè vin devan epi fini nan anbarase li ak tout lòt moun. Kèk leson objè senp kapab trè efikas. Yon lidè devosyon te pote yon fèy papye blan pwòp avèk yon pwen nwa remakab sou li, pou montre kòman yon move abitud gate karaktè yon moun.

Ekri sou tablo a. Wè konbyen mirak Elize timoun yo kapab site, epi rakonte istwa youn nan yo. Desine yon foumi avèk yon ti moso pen senk fwa gwo tèt li. Ekri mo kle sou tablo a, oubyen fè yon lis tout moun ki fè pati ras fanmi Jakòb. Si ou pa gen yon tablo dèyè ou, pote pwòp tablo ou avèk yon makè.

Fèmen avèk lapriyè. Di Seyè a mèsì pou lapli, ak sonje lapriyè pou Andre ak Anèt, ki absan akòz malmouton. Pale sou, « Akab, wa nou te li sou li maten an ». Di Bondye mèsì pou privilèj yon lekòl kretyen, epi chita.

Pataje yon devosyon pou tout laj pa dwe yon pwoblèm lè nou konsidere reyalyte Bib la plen avèk enspirasyon ak verite pou tout laj. Se pou peryòd devosyon fè timoun yo pran konsyans prezans Bondye epi bay kèk ti verite pou chak etidyan panse diran jounen an.

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, March 2012
Rod and Staff Publishers, Inc.
Itilize avèk pèmisyon

Pyè Nye Jezi: Danje Ki Genyen Lè Ou Mete Konfyans Nan Tèt Ou

—John MacArthur

N'ap viv nan yon epòk kote moun leve tèt yo byen wo: moun mete konfyans nan tèt yo, moun estime tèt yo, moun bay tèt yo valè, moun depann de tèt yo. Kòm kwayan nan Jezi ki te rachte nou anba peche, nou se sila yo ki te krisifye avèk Kris epi konsa ki pa viv, men Kris ap viv nan nou (Galat 2 : 20). Konfyans nou pa nan nou menm ankò, men li nan Kris. Konfyans nan tèt nou se kontrè lojik konfyans nan Kris epi mennen desann nan wout peche, soufrans ak regrè. Zafè Pyè ki nye Kris la se yon gwo ilustrasyon koz ak konsekans ki genyen nan mete konfyans nan tèt ou.

Mak 14 : 66-72 rakonte jijman Jezi lakay granprèt An ak bofis li Kayif. Pyè te fè yon fason epi antre nan lakou kay la. Li t'ap eseye melanje lè li t'ap chofe ko li devan dife avèk lòt yo. Diran de (2) pwòchèn zè yo, Jezi te nan jijman epi Pyè te tou pre a. Lè yon ti fi sèvant te di Pyè li te avèk Jezi, Pyè nye sa. Li te avanse sou galri a, kote devan temwen pèsistan an li te nye ankò li te avèk Jezi. Kounyeya moun ki te kanpe bò la te vini epi akize Pyè li te avèk Jezi. Finalman, Pyè te fè sèman li pa t' konnen nonm sa a. Imedyatman kòk la te chante epi Pyè te sonje Jezi te di li : « Anvan

kòk la chante, ou va nye mwen twa fwa ». Lè Pye te nye Jezi pou twazyèm fwa a, kòk la te chante epi Jezi te vire gade Pyè (Lik 22 : 61). Rega Jezi t'ale dwat nan je Pyè. Petèt jijman Jezi te fenk fini epi Li t'ap travèse lakou a nan direksyon prizon an kote yo te kenbe Li diran plizyè zè rive jouk bajou kase. Rad Li te kouvri avèk san ki te soti nan swe Jezi lè kè Li te sere anpil nan lapriyè nan jaden an, pandan Li te mare epi yo te mennen L' nan tribinal la. Li te gade dwat nan je Pyè. Se yon rega Pyè pa ta janm bliye. Pyè te vin tris epi akable lè je yo te rankontre. Men kòman sa te rive ? Kisa ki te lakoz ?

Premyèman, *li te twò lwanjè*. Pyè te gen konfyans nan tèt li ; li te fò. Li te kapab kontwole nenpòt bagay epi swiv Kris nenpòt ki kote. Santiman ak afeksyon cho li anvè Jezi te pouse gran opinyon konsènan li menm ; epi kòm konsekans, Pyè te genyen twòp konfyans nan pwòp fòs li, twòp konfyans nan lachè li.

Dezyèmman, *li te manke koute*. Jezi te avèti Pyè plizyè fwa : *Gen gwo danje kap tann ou. Satan vle pèse ou tankou paswa. Ou va di ou pa konnen Mwen*. Men Pyè te neglije tout avètisman sa yo ; li pa t' bay pawòl Seyè a valè, li te inyore ak rejte avètisman ak blam ki soti nan bouch Kris la, epi sa te poze gran danje pou Pyè.

Twazyèmman, *li pa te lapriyè ase*. Li te dòmi nan reyinyon priyè nan Jaden Jetsemane a. Seyè a te di li nan jaden an : « Veye epi lapriyè, pou ou pa tonbe nan tantasyon ». Jezi te anseye Pyè nan lapriyè disip yo pou lapriyè konsa : « Pa kite nou tonbe nan tantasyon, men delivre nou anba sa ki mal ». Pyè te dwe veve ak priye, olye dòmi. Li te inyore devwa espiyèl li, ak li pa t' pwoche kote pisans Bondye. Rezilta a se te lachè li te rale li desann nan twou lachte.

Katryèmman, *li te aji twò vit*. Li te reyaji poukont li san konsidere volonte Seyè a lè li te pran nepe li epi balanse li pandan yo t'ap arete Jezi. Li pa t' nan plan ak bi Bondye, se te pwòp lachè li ki te pouse li. Li te vle fè tèt li yon ewo, pou ogmante pwòp repitasyon li ak pou montre konfyans li gen nan tèt li.

Finalman, *li te swiv twò lwen*. Pyè ta fè pi byen si li te travèse lakou a tou dwat epi kanpe bò kote Seyè a. Se te pi bon plas pou li te kanpe. Okontrè, li te swiv lwen. Li te kirye men li pa t' gen kouraj ; li te yon nonm ki t'ap fè konpwomi. Li t'ap melanje, chita avèk mesye yo kote dife a pou okenn moun pa t' idantifye li, men kounyeya a li te kole. Lè pandan twa fwa yo te poze li kesyon sou asosiyasyon li avèk Jezi, li te nye li pa t' konnen Jezi chak fwa. Pyè te fè twòp lwanj epi li te koute twò piti, li te lapriyè twò piti, li te aji twò vit, li te swiv twò lwen ak kounyeya *li te tonbe twò ba*.

Se te lè Lanfè, lè ki te pi nwa nan istwa lòm. Piti gason Bondye vivan an nan jijman epi yo t'apral touye Li. Men Pyè pa t' gen fòs pou goumen ak fòs Lanfè. Kris te renmen Pyè. Li te rele l, mete l' apa, epi anseye li. Pyè te resevwa pisans pou fè mirak pou geri malad ak chase demon. Li te lidè douz yo epi predikatè privilejye. Poutan isi a li te tonbe nan yon twou fè sèman epi li te nye Seyè li te konfese a. Matye ak Lik di nou Pyè te kriye anpil, dlo nan je yon nonm ki te dekouvri koripsyon pwòp chè li malgre tout bon entansyon li yo. Pyè te mete twòp konfyans nan tèt li.

Jan 21 di nou lafen istwa a. Sonje Pyè te di Jezi menm si tout moun ta abandone Li, Pyè pa ta janm abandone Li. Apre rezirèksyon an, Jezi te rankontre disip Li yo nan Galile epi yo te manje ti dejene ansanm. Jezi te mande Pyè : « Simon, pitit Jonas, èske ou renmen Mwen plis pase sila yo ? »

Pyè te reponn : « Wi, Seyè ; Ou konnen mwen renmen Ou ».

Jezi te di : « Nouri mouton Mwen yo ».

De fwa ankò, Jezi te mande Pyè : « Èske ou renmen Mwen ? »

De fwa ankò Pyè te reponn : « Wi, Seyè ».

Pyè te nye Kris twa fwa, konsa Jezi te bay Pyè opòtinite pou konfese lamou li yon fwa pou chak fwa li te nye Li, epi Pyè te restore, men kounyeya konfyans li te nan Kris, *pa nan Li menm*.

Pita Pyè te gran predikatè jou Lapannkòt la epi li te wè 3000 moun konvèti. Li te preche ankò epi ankò, li wè plizyè dizèn milye moun konvèti nan Jerizalèm. Epi apre sa li te chita ekri Premye Pyè epi ekri nan 1 Pyè 6 : 9 konsènan eprèv dife pou pwouve lafwa ou. Lè ou pase nan pi move eprèv lachte nan lavi espiyèl ou, epi lafwa ou pa tonbe, se prèv lafwa ou se bon lafwa ki va rete jistan Kris parèt. Ministè Pyè te akonpli egzakteman sa Jezi te di ki ta rive a. Jezi te di Pyè lè li ta soti nan echèk li, li ta kapab fòtifye frè yo (Lik 22 : 32). Pyè te kapab anseye legliz lesan li te aprann : Kwayan ki gen plis rezolisyon ak plis konfyans nan tèt li toujou fèb ; konfyans nou dwe nan Kris, wi nan Kris sèl. Pandan n'ap tann nonm enteryè a vin fò, sen, pwòp nèt ak jis, nou toujou gen kò lanmò ki atache avèk nou. Lachè nou fèb ; koripsyon rale l ak anpil fòs. Nou dwe fòtifye nou kont kalite echèk Pyè te montre, nan koute avèk swen Pawòl Bondye, resevwa li nan kè nou, kwè li ak anbrase li epi lapriyè pou fòs Bondye pandan nou anfas tantasyon.

Atik sa a soti nan *Sword and Trumpet*,

February, 2012

Itilize avèk pèmision